



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS YO NAN LAPOLIS ETA A POU EDE NAN ANKÈT SOU GRAFITI RASIS KWA GAME AK ANTI-SEMIT YO NAN STASYON METWO A

"Pi bonè jounen jodi a, yo te jwenn grafiti anti-antisemit ak kwa game (swastikas) ekri sou mi nan stasyon metwo nan 103rd Street la. Sa a se [ensidan ki pi resan](#) ki sible kominote Jwif la, e mwen absoliman degoute vye zak sa yo ki ap simen pèz ak divizyon.

Aprè ensidan sa yo, mwen vle fè konnen ke New York kanpe avèk kominote jwif la, e nou pap pèmèt lach sa yo entimide nou. Mwen ap pase Fòs Entèvansyon sou Krim Rayisans nan Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) enstriksyon pou li asiste NYPD nan ankèt sou zak kriminèl sa a, epi pou li fè moun ki responsab yo sibi konsekans nan tout mezi ke lalwa prevwa a.

Diskou vilgè ki ranpli ak rayisman sa a an kontradiksyon ak valè nou yo antanke Nouyòkè, epi nou pral kontinye lite kont kansè rayisab sa ki ap anpwazonnen eta nou an ak nasyon nou an vire tounen".

###

<https://twitter.com/nypdhatecrimes/status/1193924463886323714?s=11>

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)